Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2019 соналъул 30 август Рузман №38 (7581) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багъа 8 гъурущ 12 +

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Данделъи

# Агъвалиб тІобитІана лъайкьеялъул хІалтІухъабазул августалъулаб совещание

**Санайил тІобитІулеб августалъулаб совещаниялда гІахьаллъана районалъул лъайкьеялъул хІалтІухъаби. Гъенибго букІана районалъул школазул ва лъималазул ахазул тІагІелазул цебелъейги.**

## Барки

Хириял лъайкьеялъул хІалтІухъаби, цІалдохъаби ва умумул!

Баркула нужеда тІаде щолеб цІалул цІияб сон!

Нилъер жамгІияталь кидаго тІадегІанаб къимат кьолаан учителасе, гъваридаб лъаялъе, гІакъиллъиялъе, гІаданлъиялъе, инсанасул бажариялъе. Гьелда бараб буго районалъул социалиябгун-экономикияб ва рухІияб цебетІей.

Ахирал соназда районалда социалиябгун экономикияб, жамгІиябгун политикияб ва культурияб бутІабазда ккана лъикІаланго хиса-басиял. Щибаб соналда ралел руго цІиял школаби, рагъулел руго лъималазул ахал, щула гьабулеб буго гьезул материалиябгун техникияб база, борхизабулеб буго лъай кьеялъул даража ва учительзабазул махщел.

Учиттеласул махщел ккола бищунго хІажатаблъун ва къиматаблъун. Учителас куцала лъимал, кьола гьезие тарбиягун лъай, свак лъачІого хІалтІула гьел лъикІал махщалилалълъун ва улкаялъе пайдаяллъун рахьиналда тІад.

ЦІияб цІалул соналда гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, рекъел, икъбал, цІалулъ ва хІалтІулъ тІадегІанал бергьенлъаби.

**АнвархІажи Вечедов,** районалъул бетІер




Гъенир гІахьаллъана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул хІалтІухъаби, школазул



нухмалъулелгун мугІалимзаби, лъималазул ахазул хІалтІухъаби, росабазул администрациязабул бутІрул, учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулел.

Данделъаразда тІаде щолеб 1 сентябралъул байрам баркиялъулаб кІалъаялдалъун тадбир рагьана районалъул бетІер АнвархІажи Вечедовас. Гьес бихьизабуна конференция кколин педагогаз цІалул араб соналъул хІалтІул хІасилал рачунеб, цІияб цІалул соналде цере лъурал масъалаби гьоркьор лъолеб, хІалтІул даража лъикІлъизабиялда тІад ургъулеб ва ресал ралагъулеб, гІадатлъун билълъараб данделъи.

-ХІурматиял педагогал! Баркула нужеда байрам, гьарула лъикІабщинаб. Жакъа нилъ ракІарун руго араб соналъул хІасилал гьаризеги, цере чІарал масъалабазул бицинеги, гьел



гІумруялде рахьинариялъе ресал ратиялдаги ургъизе. ГІаммаб куцалъ босани, квеш инчІо араб цІалул сон, цо-цо бакІазда лъикІал хІасилалги рихьизаруна. Дагъистаналъул нухмалъиялъ цере лъурал масъалабазда рекъон, районалда тІадбан унеб буго гьел тІуразариялда, цІалул даража борхизабиялда ва тарбия кьеялъул рахъ лъикІлъизабиялда



сверухъ гьабулеб хІалтІи. Жакъа росдал школа ккола цІалулгун тарбиякьеялъул гуребги, маданияб цебетІеялъулги къебелъи. Гьеб къине биччазе бегьуларо. Нилъер гІаммаб масъала буго школа цІуни.



Нилъеда цере квал-квалал, гІузраби гурел, чІванкъотІарал масъалаби руго. ЦІияб цІалул соналда тІоцебесеб иргаялда, хІалтІизе ккола школал ва ясли-ахал цІигьариялда, цІиял раялда, педагогазе харжал цІикІкІинариялда кІварги кьун,-ан абуна АнвархІажи Вечедовас.

Районалъул бетІерасул кІалъай букІана районалъул гІумруялъул хІужаби рихьизарураб, хасго лъай борхизабиялда ва хІинкъи гьечІеб куцалъ лъималазе лъайгун тарбия кьеялъе чІезарулел шартІазул ва церечІарал масъалабазул бицараб.

-Нужеда ращалъула ва гІенеккула гІун бачІунеб гІел, нужеца гьезулъ куцала жамгІияб пикру.



Бокьилаан нуж район цебетІеялде балагъизарураб политика тІибитІизабулелллъун рукІине,-ян абуна районалъул бетІерас.

Районалда цІалул даража борхизабиялда хурхун лъайкьеялъул идарабазда цере чІарал масъалабазул бицун докладгун цеве вахьана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьарунов.

Гьес бицана араб цІалул соналъул хІасилазул ва цІияб цІалул соналда церечІарал масъалабазул.

-Конференция ккола мугІалимзабазе жидерго пикраби загьир гьаризе, гІакълу дандбазе, хІалтІул анализ гьабизе ва церечІарал масъалаби цере лъезе, гьел тІуразе ресалгун шартІал ралагьизе рес кьолеб трибуна. Аслияб масъала кола цІалул идарабазда лъайгун тарбия кьеялъул даража борхизаби, цІалдохъабазул цІалул хІасилал лъикІлъи, гьел пачалихъияб цогояб экзаменалде щвалде щун хІадур гьари,-ян абуна Муса Гьаруновас.



Профессионалияб ишалъулгун лъай-хъвай гьаби ва профессионалияб лъай кьеялъулгун махщел камил гьабиялъул кьагІидабазул бицун кІалъазе вахьана лъайкьеялъул управлениялъул методикияб централъул нухмалъулев Шагьрудин АхІмадов.

**Терроризм - жамгIияталъе хIинкъи**

# ХIасил хIалтIуда бараб букIуна

Араб хамиз къоялъ Хонохъ тIобитIана районалъул терроралде дандечIараб комиссиялъул иргадулаб данделъи.

Гьенир гIахьаллъана районалъул прокурорасул заместитель ХIажимурад Арадахов, МВДялъул районалда бугеб отделалъул начальник Багъавудин Багъавудинов, заманаялъ нилъер районалда бугеб Липецк областалъул УВДялъул оперативияб къукъаялъул нухмалъулев Сергей Наклескин, районалъул учреждениябазул нухмалъулел, Хъварщи росдал администрациялъул хIалтIухъаби, школалъул учительзаби ва росдал жамагIатгун гIолилал.

Гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIи жеги щвалде щун гIуцIун гьечIилан абуна районалъул прокурорасул заместитель ХIажимурад Арадаховас. Кидаго цого гIоларел рахъал ратулел ругин цIаккеялдаса цIуниялда сверухъ гьабулеб хIалтIулъ, гьелде букIине кколеб кIвар кьолеб гьечIин учреждениябазул нухмалъулезилан абуна прокурорасул заместителас. Гьес гьединго лъазабуна хадубккун гьеб суалада сверухъ тIаса-масагояб хIалтIи букIун хадуб, нухмалъулел тамихIалде цIазе ккезе бегьилилан.



Данделъи рагьана ва бачана районалъул АТКаялъул председателасул заместитель-районалда бугеб ФСБялъул отделалъул начальник МухIамад Дибировас.

ЦIияб цIалул соналъул байбихьуда районалда тIоритIулел «Лъаялъул къо» тадбиразда терроралъул ва цIаккеялъул хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда бан гьабулеб хIадурлъиялъул хIакъалъулъ бицун кIалъазе рахъана районалда бугеб жанисел ишазул отделалъул начальник Багъавудин Багъавудинов ва райадминистрациялъул ГОиЧСалъул хIалтIул рахъалъ специалист МухIамад Сиражудинов.

Багъавудин Багъавудиновас полициялъул хIалтIухъабазул гьеб рахъалъ бугеб хIадурлъиялъул бицун хадуб, кIалъазе вахъарав МухIамад Сиражудиновас бицана районалъул лъайкьеялъул идарабазда цIаккеялдаса цIуниялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул, гьеб суалалда сверухъ гIадамазда гьоркьоб гьабулеб бичIчIизабиялъул хIалтIул, ругел гIунгутIалабазул ва дандчIвалел квалквалазул.

ЦIаккеялда данде гьабулеб хIалтIулъ ругел гIунгутIаби гIемерисел рарал ругин лъайкьеялъул учреждениябаз гIураб къадаралда гIарцудалъун хьезарунгутIиялдайилан абуна МухIамад Сиражудиновас.

ЦIаккеялда хIинкъи гьечIолъи букIинаби мурадалда гьаризе кколел ишазул ва къавригIараб кумекалъул бицана Хонохъ школалъул директор Абубакар Абакаровас.

Терроризмалъулгун экстремизмалъул идеологиялде данде гIолилазда гьоркьоб гьабулеб профилактикияб хIалтIул бицун кIалъазе рахъана райадминистрациялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасиров ва районалъул маданияталъул управлениялъул нухмалъулей ХIалимат АхIмадова.

Гьоркьор лъурал суалазда тIасан жиндирго пикру загьир гьабун кIалъазе вахъарав Багъавудин Багъавудиновас къокъго баян гьабуна республикаялда жеги унеб бугеб «Оружие- выкуп» абураб операциялъул (гIадамазухъа гIарцухъ ярагъ ва кьвагьулел жал росиялъул) хIакъалъулъ.

Данделъиялъул ахиралда МухIамад Дибировас, гьоркьор лъурал суалазда т1асан хIисабалъулаб кIалъай гьабулаго бихьизабуна х1асил хIалтIуда бараб букIунеблъи.

Комиссиялъ гьоркьор лъурал суалазда тIасан рекъон кколел хIукмаби къабул гьаруна.



# ПасихIлъиялъ борхалъуде яхарай

**Рорхатал мугIруздехун балагьизе кIоларо,**
**Борхатаб намус дица бацIцIад цIунун гьечIони**

**Сабигат МухIамадова.**

У, гьединай йиго, яхI намус бацIцIадго цIунарай, кутакаб гIакълуялъул, гIакъилаб каламалъул, къадруяб тухумалъул, Дагъистаналъул гIадатги, гIагараб рахьдал мацIги, миллатги цIунарай, бацIцIадаб исламияб диналда жанийги йигей, жиндирго хатI, жиндирго нух, хъвалеб къагIидаги бугей, такраргьи гьечIей, бичIчIиги лъайги бугей, магIарулазул адабиялда хасаб бакI кколей, жиндирго гьанситоги, гьуни гIурал тIахьалги ругей, хьизаналъул къадруяй эбел ва кIодоэбел, гьале гьанже «Дагъистаналъул халкъияй поэт», рикIкIен гIемерал цIалдолезул йокьулей шагIир Сабигат МухIамадова.



Поэзия захIматаб иш буго, дунялалдаго гIемер гьечIо гьунар тIокIал руччаби - шагIиразул нахъе хутIарал цIарал. Дагъистаналдаги гьединазул къадар дагьаб буго. БукIаниги, гьунар бугел гIадамал гIемераб Дагъистаналда гьел камун гьечIо. Гьезда гьоркьор руго Москвалда хасаб лъай щваралги, щвечIелги батIи-батIияб гьунаралъул, жиже-жидер хатIги нухги бугел шагIирзаби. Хасаб лъай щвечIониги, жиндирго аслияб хIалтIуда цадахъ пасихIал кучIдул хъвалей йиго Сабигат МухIамадоваги.

Гьей гьаюна Инхокъвари росулъ. Макъала цIалун хадуб бичIчIила нужеда, гьений гьаюрай ва гIурай Сабигат МухIамадовалъул шигIрияб дунялалъул хаслъиги, гьелъул бачIиналъул ва цебетIеялъул тIабигIатги, рорхунел гьелъул поэзиялъул тематикаги, пикруги ва хIасилалги.

Сабигатил шигIраби цIалараб мехалъ, цебе чIола кIудияб, жеги къватIиса чиясе рагьичIеб, бечедаб ва хасаб дунялалъул сурат ва шагIиралда гьеб бичIчIулеб ва бихьулеб къагIида. ГIатIидаб, батIи-батIияб тематикаялдаса пайда босиялъ, цо гьитIинаб, хасаб суалалдаса тIолго магIарул, тIолго инсаниялъул даражалде яхине бажариялъ, шагIиралъул асараз сагьвил гьавула гьел цIалулев. Гьев тIамула жиндиргоги сверухъ бугебги гIумруялъул хIисаб гьабизе, инсанас дунялалда тIад тIубазе кколеб жиндирго борчалъул пикру гьабизе. Гьезулъ загьир гьарурал , идеябаз, сюжетаз рахIат хвезабичIого толаро цIалулесул, щайгурелъул нилъер щивасул ботIролъ ва рекIелъ руго шагIиралъул рахIат хвезабулел, гьелъул ракI ссудизабулел, гьелъ хIасраталда, шавкъалда, рекIелъ унтигун рорхулел темабиги, проблемабиги, суалалги. Сабигатил адабиялъул дунялалда гIемерал руго ватIан, миллат, мацI, умумзул ракь, арабги гьанжесебги, магIаруллъи ва гьелъул къисмат, жакъасеб гIумруялъул гIунгутIаби, магIарул чиясул гIумру, рокьи ва къисмат ва гьел гурел цогидалги суалал рорхарал асарал. ХIасил, шагIиралъул гьунаралъе гIаммаб къимат кьолеб бугони, абизе бегьилаан гьел проблемаби ругин гьелъул аслияв темабилъун. Амма шагIирлъун яхьине ккани, дагьаб буго жиндилъ ва сверухъ бугеб дунял цогидаздаса бегIерго, батIаго бихьи. БихьарабгI, бичIчIарабги, унтарабги, йохарабги цогидазухъе пасихIаб каламалдалъун кьезе ккани, шагIиралда лъикI лъазе ккола миллияб адабият, магIарул поэзиялъул къанунал ва къагIидаби, гьелъул мацI ва хатI. Ва, гьелдаго цадахъ, букIине ккола рагIул устарасе тIабигIаталъ къураб гьунар, пагьму. Гьебги, гьеб гуребги Сабигатилъ гьарзаго букIиналъе нугIлъи гьабула гьелъул шигIрияб гьунаралъ. Гьелъ абураб буго цо гIужилаб каламалъул чияс гьелда, «юбка ретIарай ГIумар ХIайямилан» Гьелъул гIемер руго ункъмухъилал кучIдул. Гьелъ жиндирго асаразулъ рорхулел проблемабазда гьоркьоб цебесеб кьералда бихьулеб буго рокьул, ватIаналъул, гIагараб ракьалъул, росу-жамагIаталъул, исламияб диналъул, гьезул церехъабазул тема.

Сабигатица хъван буго анцIила щугогIанасеб тIехь. Гьезул чангояб цIалидал дида ракIалда ккана, щайдай гьадин гьунар тIокIай щагIир «Халкъияй» абураб цIар кьечIого йигоян. Гьале ахирги гьеб къо тIаде щвана. Нижее, цIумадисезе, цIакъго хирияй йиго гьей пасихIай рагIул устар. ГьечIельулха нижер гьеб рахъалъ гьунар бугел чагIи гIемер.

Гьеле гьебги добги бихьун хIукму гьабун батила гьеб бичIчIулел тIадчагIаз, гьунар тIокIай шагIиралъе гьеб тIадег1анаб цIар кьезе. Баркала буго гьелъие квер бакъаралщиназе, гьанжегIаги гьеб гьалатI битIизабуралъухъ.

Сонги чвал-чвалиялда чвахунеб букIараб ицц къуна. Нус-нус сон бараб, сверухълъиялъего берцинлъи кьун букIараб миккил гьветIги цо къоялъ бегун уна. Сонги нилъгун вукIарав гьудулги ахираталъул рокъове уна. Абадиялъего нахъе хутIула гIакъилаб каламги, кепаб хабарги, гIужилаб рагIиги, гьай нилъер Халкъияй шагIиралъ хъвалел гIадал пасихIал кучIдулги, гьел хъваразул цIаралги.

ЦIиял рорхалъабазда яхине пагьмуги, гьунарги, махщелги, сахлъиги, гIумруги кьеги дуе, дир ракьцояй, къаламцояй, ракI бацIцIадай, гьудулзабазул хьолбохъ къваригIиндал камичIого чIолей Сабигат ГIусмановна.

**«Халкъияй шагIир»- ан дуе цIар щведал,**
**ЦIумадисел руго цIакъго разилъун.**
**ЦIвабиги ралин, яс, дуде каранде,**
**Ции-цIиял асараз ниж рази гьаре.**

**СайгидахIмад АхIмаднабиев,** Россиялъул хъвадарухъабазулги журналистазулги Союзазул член

Директорасул хIакъалъулъ рагIи

# Нухмалъулевлъун гьавуларо, нухмалъулевлъун вахъуна

ГIадатияб школа буго Гъоркьинхокъвари росдал. ЦIалдохъабазул къадарги лъабкъоялда анцIидаса тIаде бахунаро, школалда цебе рагьун буго лъеберго лъимералъе хIисаб гьабураб ах. ГIемерал соназ хIебтIана инхокъварисел басриябго школалъур, росдал администрациялъул минаялъур кIиго сменаялда таманаб къварилъиялда. Лъабабилеб сон буго росулъ цIияб, гьанжезаманалъул тIалабалги цIунараб кIитIалаяб школа баралдаса.



Ахираб анцIила кIиго соналъ школалъе бажарун нухмалъи гьабулеб буго тарихалъулгун обществознаниялъул мугIалим МухIамад Гереевас.

Агъвали росдал гъоркьохъеб школаги лъугIизабун ана гьев цIализе Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб институталъул тарихалъул факультеталде ва гьеб лъугIараб 2004 соналда вуссана гIагараб росулъе. ГIолохъанав специалистасул хIалтIуде бугеб гъира, жавабчилъи бихьун, гьесда тIадкъана цIалул рахъалъ директорасул заместителасул хIалтIи.

КIудияб къадру-къимат буго МухIамадил коллективалд. Гьев вуго лъикIав жамгIияв хIаракатчи, жинда тIадкъараб х1алт1и ракIбацIцIадго ва гIужда тIубала гьес. ХIалтIулаб низам жиндасанго байбихьун цIунула, ва цогидаздасаги тIалаб гьабула.

ГIадлу бугеб бакIалда хIалтIул хIасилалги лъикIал рукIинарищха. Бигьаяб иш гуро щивасулгун гIаммаб мацI батизе ва щивасул хасияталда рекъон хIалтIи цебехун бачине. МухIамадие гьеб рахъалъ битIкканин абизе бегьула, бигьаго бахъула гьес щивасул рекIелъе нух. Дагьаб гьабизе ккани гIемераб лъазе ккола, цогидазе мисалияб куцалда хIалтIизе ккани, кидагосел цIех-рехазда рукIине ккола, жиндиего ва цадахъ ругезе цIилъабиги лъазарун. Гьединаздасан вугин директор МухIамад абуни, дун мекъи ккезе ятиларо. Аби буго нухмалъулевлъун гьавуларин, нухмалъулевлъун вахъулин абураб. БитIун бицани, гьел рагIаби данде ккола МухIамадие.

Жаналда ва заманалда барахщичIого хIалтIулев вуго гьев гIагараб росдал лъималазул цIали лъикIлъиялда тIад. Мисал босизе жо гIемераб буго МухIамадил. Дарсал кьеялъул гьанжезаманалъул къагIидабиги лъикI лъазарун руго гьес.

Инхокъвари школалъул цIалдохъабаз жигараб гIахьаллъи гьабула районалда тIоритIулел олимпиадабазулъгун маданиял тадбиразулъ, рахъула гьенир призераллъун. Школалда гьечIо камурав специалист, рохизе ккараб хIужа буго гьел къватIисан рачIарал гьечIого, жидерго рукIин. Цогидал бахиллъулеб буго гьезул спортсзалги.

Бокьун буго МухIамадие ва гьесул коллективалъе гьаризе цIияб цIалул соналда щулияб сахлъи, хIалтIулъ лъикIал хIасилал.

**ПатIимат МуртазагIалиева,** лъайкьеялъул управлениялъул методист

Данделъи

# Агъвалиб тIобитIана лъайкьеялъул хIалтIухъабазул августалъулаб совещание

1



«Пагъмуял лъимал» централъул нухмалъулев ГIалихIажи ХIусеновасул кIалъаялда аслияб кIвар буссинабун букIана араб цIалул соналъ цIалдохъабаз рихьизарурал лъикIал хIасилазде, хадубккунги гьезул хIасилал лъикIлъизе цIалуе шартIал гIуцIизе ккеялде. Гьединго бицана районалъул цIалдохъабаз республикаялъул олимпиадабазда рихьизарурал хIасилазул хIакъалъулъ.

Пачалихъиябгун жамгIияб нухмалъиялда гIуцIиялъулъ школалъул советалъул кIвар бихьизабураб букIана Агъвали гимназиялъул директор Шамил Абакаровасул кIалъай.

ТIадеги лъайкьеялъул отделалъул методист МухIамадхIабиб АхIмадовас бицана гьаб соналъул сентябралдаса нахъе кружоказдагун тIадеги лъай тIалаб гьабиялъул секциязда лъай босизе цIалдохъабазул раккарал ц1иял ресазул, гьезул щивасе рагьулел хасал счетазул хIакъалъулъ.

Районалъул педагогазул хIалтIул хIасилал лъикIлъизариялда ва гьезул тIалабал тIураялда сверухъ гьабулеб хIалтIул бицун кIалъай гьабуна лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул комитеталъул нухмалъулев Заурбег МухIамадовас.

Данделъиялъул ахиралда гIемерсоназулаб ва ракIбацIцIадаб хIалтIухъ лъайкьеялъул хIалтIухъабазе кьуна пачалихъиял ва муниципалиял шапакъатал.

ШагIирзабазул асарал

## ТIоцебесеб классалъе




Берцинго ретIа-къарал,
РекIелъ рохел, бакъ бугел,
ТалихIал аваданал
Аваразул наслаби.

ТIугъдузул квацIи буго,
Классоводалъе кьезе.

Кьурди, кечI хIадур буго,
ХIинчI гIадин йоржанхъила…

КIиабилей дир эбел,
Адаб-хIурмат гьабила,
Авар мацI, адабият,
КIиго кваркьи дир рекIел…

Аваразул кицаби,
БицанкIаби, абиял,
Гьезул гIакълу, насихIат,
Нахъарукълъун букIина.

КъвакIарал умумуца,
Ирсалъе тараб тарих,
ТаричIого цIунила,
ТIад ккараб къо борхила…

* * *

## Сентябрь бачIиндал

Сентябрь бачIиндал бечIала дир ракI,
БорчIун араб гIумру ракIалдеги щун.
Берцинго къачIарал гьитIичал рихьун,
ГьитIинаб замана тIамула цебе.

Дол гIицIал хIатIазул лъалкIазда хадув,
Лъугьун ватула дун пикрабаз вачун.
Кодоб ккун щакъитIел, къвалакь ккун букварь,
Букъ-букъараб тIажу, ретIун хъабарча

Дий тарбия кьурай, гIундул кьурарай,
ГIурус яс, Галина, баркала дуе.
ЦIадаса ХIамзатил ашбазалде кечI,
Кеп-хочIалда дуца цIалараб дарсихъ,
ЧIохъа ХIасанхIусен, урхъун вуго дун…

Лъай кьеялъул гIуру бегарал васал,
ГIуру къараб ракьулъ кьижун ратила…
ТIоцебесеб цIумур, ахираб цIумур,
ЩIилъулеб, херлъулеб Халикъасул нух…

Кьабунщинаб цIумур, кьунщинал дарсал,
Кьерда вуго жеги жан дагьлъаниги.
ГIарац хиралъиялъ, херлъиги кIочон,
Хадуб ракI бухIилин хIинкъиги буго…

* * *

## Дида лъалеб гьечIо, лъай кибе унеб

Дида лъалеб гьечIо, лъай кибе унеб,
Лъималаца цIали щай рехун тараб?
РухIияб хъарсинлъи, бецIаб лъавукълъи,
Лъай тIалаб гьабеян рещтIараб хIадис…

Жидер лъимералъе лъабил лъунилан
ДагIба-калам буго кабинеталда.
Килищ кIутIейилан, кIолеб батани,
КIудав хIаким вуго хIинкъаби кьолев…

РакI унтун дарс кьолев херав учитель
Хабар-каламги тун, пикрабалъ вуго:
-Къадру-къимат гьечIеб гьаб учительлъи
Учузлъун, бесдаллъун басралъун буго.

Дица сахлъи кьурал сагIтал роржана
Сабруялъ сагIу ккун, бетIерги буго
Дир цIумур кьабуна, цIали лъугIана
ЦIараб болжалалъухъ валагьун вуго.

**ГIабдула Зубаиров,** Хуштада росу

## Дир гIумрудул тах

Щивасул букIуна жинди-жиндир ах,
Хвезе биччачIого хъулухъ гьабулеб.
Щивасул букIуна жинди-жиндир тах,
Тохлъизе течIого къадру борхунеб.

Хирияб школа, дир гIумрудул ах,
ХвезегIан дица мун жагъал теларо.
МугIалимасул бакI -дир гIумрудул тах,
Мун хисун, кидаго дун хIалтIиларо.

**Загьрат МухIамадова**, Инхокъвари росу

## Военный прокурор разъясняет

В связи с осенним с 1 октября 2019 года призывом граждан на военную службу, с целью оказания правовой помощи в вопросах соблюдения прав граждан при призыве на военную службу, 315 военной прокуратурой гарнизона созданы консультативно - правовые центры, находящиеся по адресу:

368300, Республика Дагестан, г. Каспийск, ул. Пограничная, д. 1, тел/факс: 8(8722) 51-23-25;

368600, Республика Дагестан, г. Дербент, ул. З. Космодемьянской, д. 3, тел. (8-240) 4-01-95 (прокурорский участок в г. Дербент);

368273, Республика Дагестан, Хунзахский район, с. Арани, тел. (8722) 51-23-25 (прокурорский участок в пос. Хунзах)

В указанные правовые-консультационные пункты можно обращаться за информацией в связи с деятельностью должностных лиц военного комиссариата Республики Дагестан и его отделов по Цунтинскому, Цумадинскому, Хунзахскому, Ахтынскому, Докузпаринскому, Магарамкентскому, Рутульскому районам, их призывных комиссий и сборных пунктов, а также направлять письменные обращения почтой либо на электронный почтовый ящик по адресу: 315vpg@mail.ru о несогласии или обжаловании действий должностных лиц, связанных с нарушением прав граждан.

**Военный прокурор гарнизона**
**подполковник юстиции Р.С. Петросян**

## Отдел МВД

# Оружие-выкуп

С 1 января по 31 декабря 2019 г. на территории Цумадинского района проводится операция «Оружие - выкуп» по добровольной сдаче гражданами на возмездной основе незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.

Постановлением правительства Республики Дагестан от 4 марта 2019 г. №36 внесены изменения в приложение к постановлению Правительства Республики Дагестан от 24 апреля 2014 г. №184 «О мерах по организации добровольной сдачи гражданами незаконно хранящихся огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ», где указана стоимость огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ для предполагаемого выкупа у граждан.

**СТОИМОСТЬ**
**огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ для предполагаемого выкупа у граждан**

| № | Наименование оружия, боеприпасов и | Цена в руб. |
|---|---|---|
| 1. | Пистолет, револьвер | 45000 |
| 2. | Автомат | 60000 |
| 3. | Пулемет | 75000 |
| 4. | Подствольный гранатомет | 45000 |
| 5. | Ручной противотанковый гранатомет | 45000 |
| 6. | Одноразовый гранатомет или огнемет | 45000 |
| 7. | Винтовка СВД | 60000 |
| 8. | Пистолет-пулемет | 45000 |
| 9. | Охотничий карабин | 9000 |
| 10. | Охотничье гладкоствольное ружье | 4500 |
| 11. | Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства | 1500 |
| 12. | Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства | 1500 |
| 13. | Пистолеты и револьверы кустарного производства | 3000 |
| 14. | Самодельное стреляющее устройство | 750 |
| 15. | Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и др. промышленного изготовления) за 1 грамм | 8 |
| 16. | Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) | 3000 |
| 17. | Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 м.) за единицу | 300 |
| 18. | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 3000 |
| 19. | Выстрел к РПГ | 3000 |
| 20. | Выстрел к подствольным и станковым гранатометам | 2500 |
| 21. | Ручная граната | 2500 |
| 22. | Мина | 1500 |
| 23. | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию | 15 |
| 24. | Винтовка типа Мосина | 15000 |

**Пресс-служба ОМВД РФ по району**

## ГурхIел-рахIму

# Лъимал чияр рукIунаро



ГьитIичазул чIиргъи-хъуялъ цIун букIана араб талат къоялъ Агъвалиб «Лунтик» лъималазул хIухьбахъиялъул центр, кванил махIаз цIун букIана азбар. Байрамалъулаб ахIвал-хIалалъе гIиллалъун букIана «ХIадурилин лъимер школалде» абураб ахIиялда гъоркь лъимал гIемерал, эбел-эмен гьечIого хутIарал хъизаназдаса школалъул ригьалде рахарал лъималазе школалъул форма босизе гIарцулаб кумек гьабиялъул ва школалда хIажатал тетрадь-къаламазул наборал кьеялъул тадбир гьениб тIобитIи.

Лъималазе рохел бикьиялъул «гIайибиялльун» рукIана «Инсан» рахIмуялъул фондалъул, халкъ социалияб рахъалъ цIуниялъул ва халкъалъе социалияб хъулухъ гьабиялъул районалъул центразул коллективал. Тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ГIабдулмажид ГIалиев, райадминистрациялъул хIалтIухъан ТIагьир АхIмадов, Дагъисталъул муфтиясул кумекчи Идрис Асадулаев, МугIрузулаб территориалияб округалда вугев Муфтияталъул «Инсан» фондалъул вакилзаби ХIабиб МухIамадовгун Юнус Темирсултанов, гьебго фондалъул районалда вугев вакил ИсмагIил МухIамадов ва цогидалги.

Къогоялдасанги цIикIкIун лъимералъе щвана сайгъат.

ГьитIичазда тIаде щолеб бугеб 1 сентябралъул байрамги баркун, кIалъазе рахъана ГIабдулмажид ГIалиев, Юнус Темирсултанов, Идрис Асадулаев ва Марзигат МухIамадова.

Лъимадул гьурмада рохалил гьимиялда бащадаб щибго гьечIин, МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) хIадис бугин ракI разияб гьимиги ажру щолеб садакъа кколин абураб, чвантиниб бугеб гIарцул бетIергьанлъунцин мун кколарин, дурго кквералъ садакъаде кьураб гъурущги метерисеб къоялъ батулин, гьимиялъ дунялго гвангъулин абураб букIана гьезул кIалъаязул аслияб магIна.

-Аллагьас хасаб бакI бихьизабун бугин Алжаналда лъимадул ракIал рохизарурazeян хIадис буго хирияв МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.). Нилъецаги хIаракат бахъизинха тIадегIанав Аллагьасе гIоло, чанги къварилъиялъул гьир гьитIинго жидер гъуждузда бегарал лъималазул ракIалги гьурмалги рохалил цIезаризе. Гьелдаса кIудияб ажру щибха нилъее букIинеб?-ян абуна Идрис Асадулаевас.

Марзигат МухIамадовалъ баркала загьир гьабуна лъималазе байрам гIуцIизе квербакъарал спонсоразе, «Лунтик» залалъул нухмалъиялъе, баркана лъималазда байрам ва бицана лъаялъ инсанасул гIумрудулъ кколеб бакIалъул, лъавукълъи - канаб дунялалдаги бецIлъи ккеялъул.

Жидее гьабураб сайгъаталъухъ, гьарзаго къвачIарал кванил столазухъ тадбиралъул гIуцIарухъабазе лъималазул рахъалъан баркала загьир гьабуна Мадина НасухIовалъ.

Лъимал чияр рукIунаро, гьезул къварилъи киназего гIахьалаб буго. Иргадулаб нухалъги гьеб бихьизабуна Марзигатил ва ИсмагIилил бетIерлъиялда гъоркь тIобитIараб тадбиралъ. Сундаха бащалъилеб жидеего щварал сайгъатазул хал гьарулел лъималазул гьурмазда гвангъараб гьими ва ракIазулъ рещтIараб рохел!

**Залимханова Хадижат**

## Проект

# Дорога памяти

В рамках проекта «Дорога памяти» военный комиссариат Дагестана продолжает сбор информации, материалов, а также иных сведений об участниках Великой Отечественной войны. Целью данного проекта является сохранение памяти о ветеранах Великой Отечественной.

Военный комиссариат района просит родственников ветеранов войны, молодежь района, участников военно-патриотичестких организаций оказать содействие в проводимом нами проекте.

Полученные данные и материалы будут обработаны в электронной форме для сохранения памяти о ветеранах войны. После обработки оригиналы материалов будут возвращены.

Имеющиеся данные, материалы и сведения о ветеранах войны просим представить в военный комиссариат района.

**Ш-Р. Махаев,** ВрИО военкома района

## ЧIегIераб хабар

Гьаб дихъе бачIараб чIегIераб хабар,
Чорхол хIал хисараб, рекIелъ бухIараб,
Бераз магIу тIураб, тIул- ракI ссудараб,
Сабру Аллагьасда гьаризе ккараб.

Сапаралъ унарев чи вукIунаро.
РекIараб битIаги, БетIергьан Аллагь,
ТIад русун щвезегIан балагьун чIараб,
Хъизан-рукъалъухъе раче берцинго.

Цоцазе хирияб берцинаб хъизан,
Балагьалъ гIужий гъун, щущахъ кин араб?
Баба-дадайилан рохулел лъимал,
Риххун ккезаризе кин хъван букIараб?

Нужее къор гъураб доб кьуруялда,
Рокъор тун рукIарал лъимал кIочонищ?
КIудияй Хадижат, хадуйго Зайнаб,
Хиялазда тарав МухIамадрасул.

Анищазул дунял щущахъе бараб,
Балагь кин рещтIараб гьаб хъизаналда?
Заназухъищ инел ургъел бикьизе,
Эбел-эмен аскIор хIажалъун ккедал.

ТIегь гIадав кIиго вас цадахъги вачун,
ЛахIдуялъубе щай сапар бухьараб?
Лъиде чучизеян гIагарлъиги тун,
Тараб гьаб дуниял васалги рачун?

**МухIамад ТIалхIатов,** Силди росу

Районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз ва райСобраниялъул депутатаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Силдиса МухIамад АхIмадовасда, гIагарлъиялда ва росдал жамагIаталда нагагьаб балагьалдалъун гьезул хирияв вас МухIамад, нус Написат ва гьезул лъимал ХIабибуллагьгун НурмухIамад Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас хваразе алжан насиб гьабеги, нахъхутIарал лъималазе ва гIагарлъиялъе иманияб сабру ва сахаб гIумру кьеги.

БетIерав редактор
Малачдибиров ГIубайдула
СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова Хадижат
МухIамадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватI,4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.
Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект,1 «А»

Тираж -1555
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул
жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maiI.ru